

Илъэсищэ ирикъуну

2-нэ нап.

Адэшхуэм и щIэинхэр егъэлъапIэ пхъурылъхум

3-нэ нап.

«ЦIыкIураш»

4-нэ нап.





Амырхъанрэ Алинэрэ аргуэру дагъэгуфIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№20 (24.926) ● 2026 гъэм мазаем (февралым) и 18, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Къэралым хуэпэжу, хэкупсэу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ лэжьыгъэ IуэхукIэ къэкIуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ, Урысейм и ЛIыхъужь - «Юнармия» зэщIэхъееныгъэм и Штаб нэхъыщхьэм и унафэщI Головин Владиславрэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и Правленэм и УнафэщIым и къуэдзэ Яновэ Ксениерэ.

ЗЭIУЩIЭР зэрекIуэкIам республикэм и Iэтащхьэр щытепсэлъыхьыжащ МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым.

«И гугъу тщIащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ къэралым хуэпэжу, хэкупсэу, псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэм пщIэ хуащIу щытыным, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэщIэгъэуIуэным пыщIа Iуэхухэм.

Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэр къызэдгъэпэщауэ щытащ илъэсищкIэ узэIэбэкIыжмэ. Ди деж иджыпсту абы и пэщIэдзэ къудамэ 297-рэ щыIэщ, сабийрэ балигъыу мин 86-рэ къызэщIаубыдэу. Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэр унэтIыныгъэ зэмылIэужыгъуэхэм толажьэ, муниципалитетхэм япыщIащ, проект гъэщIэгъуэн, щхьэпэ куэд дыдэ ягъэзащIэ. Абыхэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ нэхъыжьхэм я нэIэ щIалэгъуалэм ятетыныр. Абы псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ сабий зеиншэхэм, ныбжьыщIэ гурэпкIыржэм ядэлэжьэнымкIэ. «ПщIэ зиIэ балигъ», «Пэрытхэм я унэтIакIуэхэм я клуб», «22.00. Фи сабийхэр унэм щIэс?» проектхэр ягъэзащIэ.

А зэгухьэныгъэр хэтщ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр нэгузыужьу къызэгъэпэщын лэжьыгъэми, илъэс кIуам ирагъэжьащ «Пэрытхэм я вожатэ гупхэр» проектыр. Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм къыхашэ зи узыншагъэкIэ сэкъат зиIэ сабийхэри, «Пэрытхэм я тхылъ клубхэр», «Зэгухьэныгъэм гъунапкъэ иIэкъым» проектхэри щыIэщ. Хэкупсагъэм хуэгъэзауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектщ «Тхыдэр зыхъумэхэр» жыхуиIэр, «Зарница 2» дээ-спорт джэгухэм еджакIуэ 25000-рэ хэтщ.

«Юнармия»-м цIыху 10000-м щIигъу хэтщ, ди щIыналъэм къыщызэIуахащ абы и къудамэу 8. НыбжьыщIэхэр жыджэру хэтщ жылагъуэ Iуэху куэдым икIи спортым щаIэ ехъулIэныгъэхэм, къэхутакIуэ лэжьыгъэхэм папщIэ къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэр яIэщ. Юнармие зэщIэхъееныгъэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ унэтIыныгъэхэм ящыщу плIыр нэхъыщхьэу къыдолъытэ - «ХъумакIуэ», «Атлет», «КъэхутакIуэ», «IуэхуфIхэр къызэзыгъэпэщ».

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ дадэлэжьэныр нэхъри щIэдгъэхуэбжьэнущ. Яновэ Ксениерэ Головин Владиславрэ фIыщIэ яхуэсщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуам, щIалэгъуалэ жылагъуэ жэрдэмхэр зи лъабжьэ ди проектхэр къызэрыддаIыгъымрэ къызэрыддэлажьэмрэ папщIэ», - итхащ КIуэкIуэ Казбек.

Зэкъуэтыныгъэр ягъэнэхъыщхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ яIущIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэ - Урысейпсо къэзакъ зэгухьэныгъэм и атаман Кузнецов Виталийрэ Тэрч къэзакъ дзэ гупым и Тэрч-Балъкъ щIыналъэ зэгухьэныгъэм и атаман Махонин Дмитрийрэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ урысей къэзакъ зэщIэхъееныгъэм хуэгъэзауэ Урысей Федерацэм щаубзыхуа къэрал политикэр, 2021 - 2030 гъэхэм ятещIыхьам и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр гъэзэщIа зэрыхъум.

Щхьэхуэу и гугъу ящIащ зэгухьэныгъэм къызэгъэпэщыныгъэ-экономикэ я лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутхэм, къэзакъ щIалэгъуалэм я лIыкIуэхэри къэрихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхуэс зэмылIэужьыгъуэхэр щегъэкIуэкIыным. Мыхьэнэшхуэ иIэщ къэзакъхэм я щэнхабзэр хъумэным, щIалэгъуалэ политикэр тэмэму зэтеухуауэ щытыным хуэгъэзауэ зэдэлэжьэным.

Республикэм и Iэтащхьэм Кузнецов Виталийрэ Махонин Дмитрийрэ фIыщIэ яхуищIащ Урысейм и дэнэ щыпIи къикIа щIалэхэм яхэту, я дамэпкъ зэтауэ Хэкур зыхъумэ ди зауэлIхэм зэрызыщIагъакъуэм папщIэ.

«Шэч къытесхьэркъым адэкIи дызэдэлэжьэныр жылагъуэм зегъэужьыным, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм, дин зэмыщхьхэр зезыхьэхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ гъэбыдэным зэрыхуэщхьэпэнум», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

2026 гъэм мазаем и 1-м щегъэжьауэ социальнэ Iуэхугъуэхэм хиубыдэу 40-м щIигъу унэтIыныгъэхэмкIэ ахъшэу ятым проценти 5,6-кIэ хагъэхъуэнущ. Апхуэдэ унафэм иджыблагъэ Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

Ахъшэм хухагъахъуэ

ЗэхъуэкIыныгъэхэр зылъэIэсынухэм хеубыдэ Хэку зауэшхуэмрэ зауэ зэпэщIэувэныгъэхэмрэ я ветеранхэм, Чернобыль щыIахэм, УФ-м и ЛIыхъужьхэм, Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэм, ныкъуэдыкъуагъэмкIэ щыIэ гупищым хиубыдэхэм мазэ къэс ират ахъшэр.

Апхуэдэуи, сабий ныкъуэдыкъуэхэм якIэлъыплъхэм, ныкъуэдыкъуагъэкIэ 1-нэ гупым хагъэхьа сабийхэм, сабий зиIэ унагъуэхэм щхьэкIэ мазэ къэс ят нэгъуэщI ахъшэхэри хэту, хухагъэхъуэнущ.

ЖыпIэнурамэ, сабий къалъхуагъащIэм папщIэ зэ тыгъуэу ят ахъшэр сом мин 28,5-м нагъэсынущ, «Анэ-лIыхъужь» дамыгъэр зиIэхэм - сом мин 76,5-м нэсыху.

Анэ мылъкуми хэхъуэнущ: япэ сабийм пащIэ иратыр сом мин 729-рэ хъунущ, етIуанэм, къыкIэлъыкIуэхэм щхьэкIэ - сом мин 963,2-рэ. ЗыгуэркIэ анэ мылъкум и Iыхьэ гуэр къагъэсэбэпауэ щытмэ, зыхагъэхъуэнур къэнэжа ахъшэрщ.

УФ-м социальнэ ахъшэу щатым зы хабзэм тету хагъахъуэ икIи лэжьапIэ Iутыр псэун папщIэ зы мазэм нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину щIыналъэхэм щагъэувым ар пыщIакъым. Илъэс къэс мазаем и 1-м ирихьэлIэу ар къабжыж, ипэ ита илъэсым щIыналъэхэм щыщыIа потребительскэ уасэхэм я индексым тещIыхьауи, хагъахъуэ.

Мишустин Михаил зэIущIэм зэрыщыжиIамкIэ, цIыхухэм къахь социальнэ ахъшэхэм хухагъэхъуэн щхьэкIэ, абыхэм лъэIухэр ятхын хуейкъым: ар компьютерым къебж икIи къащыIэрыхьэу щыта пIалъэхэм тету къыхуахьынущ.

БЭБЭЧ Башир.

Я зэфIэкIкIэ къахощ

«Къэралышхуэм и щIэныгъэ» диктантым япэ махуищым кърихьэлIащ Урысейм и школакIуэ, студент мини 114-м щIигъу. Абы хэтыну хуей дэтхэнэри и зэфIэкI щеплъыжыну хуитт диктант. наука.рф. сайтым и деж.

ДИКТАНТЫМ хыхьа еджакIуэхэр щыщщ Брянск, Калининград, Челябинск, Кемеровэ, Амур, Краснодар щIыналъэхэм, Санкт-Петербург къалэм, Къалмыкъ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Башкортостан, Донецк, Луганск республикэхэм.

КъыхэгъэщыпхъэщI нэхъ жыджэру 20-м Iэмал зэраIэнур ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я VI конгрессым кIуэну.

«Къэралышхуэм и щIэныгъэ» диктантыр 2026 гъэм мазаем и 7-м ирагъэжьащ «ЩIэныгъэр уи Iэпэгъуу» жэрдэмым ипкъ иткIэ. Ар Урысей щIэныгъэм и махуэмрэ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсымрэ хуагъэпсащ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм я мурадыр щIалэгъуалэр щIэныгъэ, къэхутэныгъэ Iуэхухэм хашэныр щ, щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ ди къэралым иIэ ехъулIэныгъэфIхэм дунейр щыгъэгъуэзэнырщ.

Диктантыр очнэу мазаем и 7-м къыщызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и щIыналъэ 40-м - школхэм, колледжхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм. Утыку нэхъыщхьэ хъуащ Москва дэт «АТОМ» музейр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы щытекIуащ Жыкъуэ Ясминэ, Абазэ Лианэ, Рехвиашвили Мие сымэ. ЩIыналъэм и лIыкIуэхэм ягъэлъэгъуащ Урысейм щIэныгъэмкIэ иIэ ехъулIэныгъэхэм абыхэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр.

Диктантым хэтхэм упщIэ 20-м жэуап иратащ. Ахэр теухуат Урысейм и къэхутэныгъэ нэхъыщхьэхэм. УпщIэхэр къыхэзыхар Урысей къэрал гуманитар университетым тхыдэмрэ щIэныгъэ-технологие зыужьыныгъэмкIэ и центрым и IэщIагъэлIхэрщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Ди къуэш республикэхэм

Iыхьитху яIэрыхьэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысей Федерацэм и Правительствэм Архъыз зегъэужьыным сом меларди 8 хухихынущ. Субсидиер Iыхьитху гуэшауэ Iэрыхьэнущ «Горные вершины» ООО-м. Компанием мылъкур къыхуигъэсэбэпынущ бгым лыжэкIэ къэжыхьыным хуэщIа ухуэныгъэхэр егъэкIуэкIыным, техникэ хэхахэр къэщэхуным, къэралым ирищIылIа зэгурыIуэныгъэм тету а зекIуапIэхэр тэмэму зехьэным.*

АРХЪЫЗ хохьэ «Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ проектым. Къахуеблагъэхэр къыщыувыIэну хьэщIэщхэр цIыху мини 8-м ятещIыхьауэ ар щытынущ, кафехэмрэ ресторанхэмрэ я тIысыпIэхэр 500-м нагъэблэгъэну я мурадщ 2027 гъэм ирихьэлIэу. ИджыкIэ курортым илъэсым къриубыдэу зыплъыхьакIуэ мелуан 1,5-рэ къокIуалIэ.

Фэтэрхэр ират

АДЫГЕЙ. *Республикэм щыпащэ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэ щIэмыту къэнахэмрэ псэупIэ яхухэхыным. 2026 гъэм а Iуэхум трагъэкIуэдэнущ сом мелуан 340-рэ хуэдиз. Абы щыщу сом мелуан 300-р щIыналъэ мылъкум къыхэкIынущ, мелуан 40-р - къэрал бюджетым.*

2026 гъэм сабий зеиншэу 96-рэ псэупIэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ. КъапщтэмэI, абыхэм ящыщу Мейкъуапэ къалэм фэтэр 43-рэ, апхуэдэуи районхэу Мейкъуапэм 17, Тохъутэмыкъуейм 9 щратынущ.

Адыгейм сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр щIыналъэм и социальнэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм язщ. Ар пхагъэкI федеральнэ, щIыналъэ IуэхущIапIэхэм япыщIауэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.



Дунейпсо чемпионхэр Иналбэч хегъащIэ

Къыргъызым и къалащхьэ Бишкек къикIыу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ мы махуэхэм. «Super 4 Wrestling» (S4W) фIэщыгъэр зэрихьэу бэнэкIэ хуитымкIэ абы щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ Шэрий Иналбэч.

ЗАНЩIЭУ жытIэнщи, Бишкек къалэм щызэпеуащ Къыргъызым, Урысей Федерацэм, Къэзахъстаным, Азербайджаным, Куржым, Монголием, США-м, Болгарием я бэнакIуэ гупхэр икIи Гран-при къупхъэм тету зэхьэзэхуэр ирагъэкIуэкIащ: зы хьэлъагъ зиIэхэм я деж цIыхуиплI нэхъри нэхъыбэ щызэбэнакъым. ЯпэщIыкIэ ахэр тIурытIу финалым и Iыхьэ никъуэм щызэхуэзахэщ. ИужькIэ, щхьэж зэрытекIуам тещIыхьауэ, хуэфащэ увыпIэхэм щIэбэнахэщ.

Килограмм 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж зыкъыщызыгъэлъагъуэ ди щIалэм япэщIыкIэ хигъэщIащ дуней псом и чемпион, Японием щыщ Аояги Йошуносуке. Хьэлэмэтращи, Албанием и къалащхьэ Тиранэ 2024 гъэм щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым Иналбэч къыщытекIуауэ щытащ ар, зэIущIэм и бжыгъэр 1:6-уэ. ЗэрыжаIэу, «илъ ищIэжащ».

Финалым Шэрийм къыщыпэщIэтащ УФ-м и командэ къыхэхам хэт, дуней псоми, Европэми я чемпион Баев Давид, ауэ, мыбдежми, тэрч щIалэр щынэхъ лъэщу къыщIэкIащ.

УФ-м и командэ къыхэхам а зэпеуэм бэнэкIуих игъэкIуауэ арати, Шэрий Иналбэч абыхэм ящыщ зыуэ щытащ икIи чемпион хъуащ. Ди гуапэщ и мурадхэр къехъулIэну!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЩIэныгъэр я тегъэщIапIэу

«Пашэхэр щIэныгъэм хэтщ» урысейпсо Iуэхум хыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэ клуб 20 къыщызэIуахыну я мурадщ. Ахэр лэжьэнущ «къэхутакIуэ ныбжьыщIэхэр», «IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр», «программист ныбжьыщIэхэр», «гъэунэхуакIуэ ныбжьыщIэхэр» жиIэу гуэшауэ.

БАХЪСЭН щIыналъэм апхуэдэ клубу тIу къыщызэIуахагъэххэщ. Зыр Къубэ-Тэбэ къуажэм и курыт еджапIэм хэтщ, адрейм иджыблагъэ лэжьэн щыщIидзащ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм и курыт школ №3-м. Иужьрейр къызэIуахыныр къазэрехъулIар и фIыгъэщ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и къудамэу еджапIэм щыIэмрэ школ унафэщIым и чэнджэщэгъу КIурашын Лянэрэ жыджэру ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм. Абы къыпэкIуэу школым къыIэрыхьащ естественнэ щIэныгъэхэмкIэ классщIыб лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIын папщIэ зыхуеину Iэмэпсымэхэр. КъэхутакIуэ ныбжьыщIэхэм иджы яIэщ 3D-принтерыр, микроскопхэр, химие дерсхэм папщIэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

ЩIэныгъэ клубым школакIуэхэм Iэмал къаритынущ дерсхэр теорие и лъэныкъуэкIэ джыным къыщыщIэдзауэ къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыным щыщIэкIыжу. 3d-Iэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэпыр еджакIуэхэм сэбэп яхуэхъунущ я зэфIэкIхэм хагъэхъуэнымкIэ, иджырей Iэмэпсымэхэмрэ медицинэмрэ ехьэлIауэ IэщIагъэ къыхахынымкIэ.

«ЩIэныгъэ клуб къызэIухыныр ди еджакIуэхэм я гупсысэкIэм зегъэужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэщ. Иджы абыхэм я щIэныгъэр практикэм къыщагъэсэбэпыфынущ, естественнэ щIэныгъэхэм хуащI гулъытэм куэдкIэ хигъэхъуэнущ, зрагъэгъуэтыну IэщIагъэр зыхуэдэр къыхэхынымкIэ сэбэп хъунущ», - жиIащ школым и унафэщI ДыщэкI Раисэ.

КъыхэгъэщыпхъэщI мыпхуэдэ щIэныгъэ клуб Тырныауз къалэм дэт гимназие №5-ми иджыблагъэ къызэрыщызэIуахар. КъэхутакIуэ ныбжьыщIэхэм иджы Iэмал яIэнущ зэхьэзэхуэхэм, олимпиадэхэм зыхуагъэхьэзырыну, щIэныгъэ зэхыхьэхэм хэтыну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым пещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 753-рэ кIэпIейкIэ 88-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 688-рэ кIэпIейкIэ 12-рэ.

Ди индексыр П5894

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж къэрал къулыкъумрэ унафэщI IэнатIэхэр зезыхьэфынухэр къыхэхынымрэ я Iуэхухэмкlэ щыIэ комиссэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №177-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и УКАЗ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж къэрал къулыкъумрэ унафэщI IэнатIэхэр зезыхьэфынухэр къыхэхынымрэ я Iуэхухэмкlэ щыIэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж къэрал къулыкъумрэ унафэщI IэнатIэхэр зезыхьэфынухэр къыхэхынымрэ я Iуэхухэмкlэ щыIэ комиссэм хагъэхьэнухэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №177-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, Тюбеев А.А. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьауэ: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщIэтыным ехьэлIа Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщIыр».

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2026 гъэм мазаем и 6-м
№11-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2025 гъэм, апхуэдэу 2026, 2027 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн и лъэныкъуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2025 гъэм, апхуэдэу 2026, 2027 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн и лъэныкъуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ тридзэн икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2025 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№231-П-П

Хъубий Iэминэ Марат и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуж хеящIэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыIэ зэзыгъэкIуж хеящIэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №188- ФЗ-уэ 1998 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къыдэкIам и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Iыхьэм и «х» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Хъубий Iэминэ Марат и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуж хеящIэм и къулыкъум илъэсищ пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2026 гъэм щIышылэм и 29-м
№255-П-П

Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм езыхэм ехьэлIа унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмкIэ 2025 гъэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм теухуауэ игъэхьэзыра докладым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм езыхэм ехьэлIа унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмкIэ 2025 гъэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Кужонов Ж. А. гъэхьэзыра докладым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм езыхэм ехьэлIа унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмкIэ 2025 гъэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм теухуауэ игъэхьэзыра докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2026 гъэм щIышылэм и 29-м
№263-П-П

ИращIэкIащ гуфIэгъуэ зэхыхьэ

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым Урысей щIэныгъэм и махуэм теухуауэ щекIуэкIа зэIущIэхэр щызэхуащIыжащ икIи абы ипкъ иткIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэшхуэ щызэхашащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу университетым и унафэщIхэм пщIэшхуэ хуащIащ щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыным зи къэхутэныгъэхэмкIэ хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа щIэныгъэлI пажэхэм.

А УНЭТIЫНЫГЪЭХЭМ зи гъащIэр тезыухуа цIыху Iущхэм фIыщIэ, щытхъу псалъэ гуапэхэр хужаIащ а пщыхьэщхьэм. Махуэшхуэ концертыр къызэIуихащ еджапIэ нэхъыщхьэм щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор Бер Джульеттэ. Абы иригушхуэу къыхигъэщащ университетым и щIэныгъэлIхэм республикэм и мызакъуэу, щIыналъэ псом и экономикэмрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ нэхъри зегъэужьыным хуащIа хэлъхьэныгъэ мылъытэр. Берыр къытеувыIащ мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр академическэ лэжьыгъэ къудейуэ зэрыщымытыр, ар ди щIыпIэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зыужьыныгъэм къару лъэщ зэрыхуэхъур.

КъБКъМУ-м и ехъулIэныгъэхэм, проректорым зэрыжиIэмкIэ, хэгъэгум и ерыскъы шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ къудейкъым, атIэ лэжьапIэ IэнатIэщIэхэри къытхузэIуах, экономикэм зрагъэужь, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным сэбэп хуохъу. Гулъытэ хэха хуащIащ зи еплъыкIэщIэхэр утыку къизыхьэ щIэныгъэлI, аспирант ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыми. Проректорым шэч къызэрытримыхьэр жиIащ куэд щIауэ IэнатIэм пэрыт щIэныгъэлIхэр а Iуэхум пэрыхьагъащIэ студентхэм лэжьыгъэм и пIалъэмкIэ ядэгуашэмэ, университетым щIэныгъэр адэкIи зэрыщефIэкIуэнур, уеблэмэ республикэм и агропромышленнэ IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр игъуэтынымкIэ сэбэп зэрыхъунур.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэт, мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министрым и къуэдзэ Чеченов Ислъам, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мокаев Ашэмэз, университетым и бизнес-лэжьэгъу, «Шэджэм-Агро» ООО-м и генеральнэ унафэщI БжэныкIэ Аслъэн.

Пшыхьым щIыхь тхылъхэмкIэ щагъэпэжащ еджапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэ гъащIэм жыджэру хэт, иджыри школакIуэ ныбжьыщIэу 22-рэ, студентрэ аспиранту 40-м щIигъу, профессор-егъэджакIуэ гупым ящыщу цIыху 20.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлIат школакIуэхэри, абыхэм я адэ-анэхэри. Абыхэм я дежкIэ щхьэпэт мы зэхыхьэр, дяпэкIэ къыхахыну IэщIагъэм, еджапIэм тригъэгушхуэрт.

Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ щIалэгъуалэр щIэныгъэм ешэлIэнымкIэ, щIэныгъэлIхэмрэ къэхутакIуэхэмрэ щIэблэщIэ къащIэхъуэнымкIэ.

Псалъэ гуапэхэмрэ цIыху арэзыхэмрэ щыкуэд зэIущIэр нэхъри яIэтырт къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ. Щэнхабзэ программэм хэтащ КъБКъМУ-м и «Насып» цIыхубэ ансамблыр, «Импульс» къэфакIуэ гупыр, Джамалдинов Нурлан, Теунэ Жэмал, Мэзыхьэ Анастасие сымэ. Шэрыб Рустам езым итха усэу къызэджахэр теухуат иджырей студентым и шыфэлIыфэм.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

Илъэсищэ ирикъунут

Хэку зауэшхуэм и ветеран Ламырдон Хьэсэнбий Дзыдзу и къуэр иджыри еджакIуэт, 1942 гъэм и бжьыхьэм Хэку зауэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм гъунэгъу дыдэ къыщыхъуэхъуам. Илъэс пщыкIух зи ныбжь щIалэ цIыкIур адрей и ныбжьэгъухэм я гъусэу, 37-нэ дзэм и 317-нэ фочауэ гупым гъусэ хуащIат.

КУРП лъагапIэхэм папщIэ зэхэуэхэм щыщIадзэм, щIалэгъуалэри я псэ емыблэжу, Дзэ Плъыжьым дэIэпыкъуу хуежьащ: фочышэмрэ топышэмрэ ящхьэщылъэтыкIыми, Белоглинкэ жылэм къикIыурэ абыхэм Iэщэ-фащэхэр ди зауэлIхэм хуашэрт. Арыкъ шытхэмкIэ екIуэкIыурэ жэщ защIэкIэ я гъуэгуанэр зэпачырт. Махуищэм щIигъукIэ Дзэ Плъыжьым хэтхэм яхъумат Курп лъагапIэ цIэрыIуэр.

«Гуп дыщызэщIагъэуIуэм, щIалэ цIыкIухэм нэмыщI, иджыри лIыжьитI ди гъусащ. 580 фочауэ полкыр Белоглинкэ и Iэгъуэблагъэм щыIэт, шэтырхэм щIэст. Махуэм шыгу зэщIэщIахэм яхуэтшэнур итлъхьэрти, жэщым дежьэрт. Курп лъагапIэхэм щекIуэкIа зауэм нэхъ лъыгъажэ Кавказ псом щымыIауэ къалъытэ. Абдеж бийр къыщызэтрагъэувыIащ: зауэ хьэлъэм къаруншэ ар ищIат, икIэм-икIэжым гужьеяуэ щIэпхъуэжат», - игу къигъэкIыжырт нэхъыжьым.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Хьэсэнбий нэгъабэ дунейм ехыжащ. Псэужамэ, и цIыху гъуэзэджэр мы гъэм и мазаем илъэси 100 ирикъунут.

1926 гъэм Тэрч районым хыхьэ Арыкъ къуажэм къыщалъхуа Хьэсэнбий зэдэлъхузэшыпхъуу 10 хъурт, ар езыр нэхъыщIэ дыдэт. ЩIалэ нэхъыжьхэр 115-нэ шуу гупым хэту зэуащ, и зы къуэш Франджым нэсат.

Дэтхэнэ ветеранми и гъащIэмрэ къекIуэкIыкIамрэ ди къэралым и тхыдэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ, щIэблэхэр зэпызыщIэщ, ТекIуэныгъэшхуэр къызэрытхьам и уасэр тщызымыгъэгъупщэщ. Абыхэм я гъуэгуанэр хахуагъэмрэ Хэку лъагъуныгъэмрэ я щапхъэщ.

Хэку зауэшхуэм и ужькIэ, Ламырдоным и къуажэгъухэм я гъусэу унэ, школ зэхэкъутахэр зэфIэгъэувэжыным, мэкъумэш IэнатIэмрэ промышленностымрэ къэIэтыжыным и гуащIэ хилъхьащ.

1956 гъэм абы Парт еджапIэ нэхъыщхьэр къиухат, итIанэ Тэрч районым и «Родина» колхозым парткому щылэжьащ. Тэрч общепитым, Арыкъ чырбыш заводым я унафэщIу щытащ, налмэс IэмэпсымэхэР къыщыщIагъэкI заводым Iутащ, 1972 гъэм аргуэру «Хэку» колхозым бригадир-учётчику игъэзэжри, пенсэм кIуэху абы щылэжьащ.

Зауэ нэужь зэманым Хьэсэнбий щIалэгъуалэм лэжьыгъэшхуэ ядригъэкIуэкIащ, ахэр хэкупсэу къэгъэхъуныр и плъапIэу.

Хэку зауэшхуэр илъэс 80 щрикъу махуэшхуэм Ламырдон Хьэсэнбий «Арыкъ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр къыфIащат. Шэч хэмылъу, гуапэ щыхъуат абы и къуажэгъухэм къыхуащIа пщIэр.

Нэхъыжьым и къулеигъэ нэхъыщхьэр зыхилъагъуэр и унагъуэшхуэрт. И щхьэгъусэмрэ абырэ бынитху зэдапIащ, къуэрылъху-пхъурылъху 17-рэ абыхэм еижу 21-рэ илъагъуну и насып къихьащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЗэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэ

Къэралым и щIыналъэ 64-м, Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту, я лIыкIуэхэр щыIащ Смоленск щекIуэкIа «Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэ» зэхуэс иным. Ди республикэм абы щигъэлъэгъуащ хьэщIэ къегъэблэгъэным, гъэхьэщIэным теухуауэ щащIэхэр. КъБР-м къыбгъэдэкIыу Смоленск щыIар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хьэщIагъэм епха IэнатIэмкIэ и лъэпкъпсо союзым и полномочнэ лIыкIуэ, «Валькирия» турист компанием и генеральнэ унафэщI Наумовэ Аннэщ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ блогерхэр, туроператорхэр, «Урысейр Iэмалхэм я къэралщ» программэм щыщ «ТопБЛОГ» президент платформэм щытекIуахэр. Дэтхэнэми и лъэпкъ фащэр щыгъыу гуп зэрыгъэхъури, «Громовая Смоленская крепостная стена» чэщанэм и лъабжьэм щIэту, Смоленск областым щыщ Исаковский Михаил итха «Катюша» уэрэдыр зэдыжаIащ. Ар и дамыгъэт къэралым исхэм я зэкъуэтыныгъэ быдэм, зэрылъытэм, ныбжьэгъугъэм.

Наумовэ Аннэ илъэс тIощIым щIигъуауэ хэтщ хьэщIэ къегъэблэгъэным, абыхэм зегъэплъыхьыным ехьэлIа Iуэхум. 2001 гъэ лъандэрэ ди хэгъэгум и турист проектхэр гъэзэщIэным жыджэру иужь итщ, КъБР-м и экскурсоводхэм я аттестат комиссэм хэтщ, Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэм и зыужьыныгъэм йолэжь.

Ар зэхуэсым кърихьэлIахэм ядэгуэшащ республикэм туризмэм зыщегъэужьыным теухуауэ щащIэхэмкIэ. «Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджырей зыгъэпсэхупIэхэм я лъахэу жыпIэ хъунущ икIи къэралым бгы туризмэм нэхъыфIу зыщиужь щIыналъэу къэбгъэлъагъуэмэ, ущыуэнукъым. Урысейм, Европэм я нэхъ бгы лъагэ дыдэм илъэс къэс турист нэхъыбэ къокIуэ, абы хуэфащэ дыдэу зэрехьэ «Урысейм и бгы курорт нэхъыфI» цIэ лъапIэр. Дэ ди дежщ зыплъыхьакIуэхэр кIапсэ гъуэгукIэ метр 3847-м нэс щыдэкIуеифыр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыцIэрыIуэр и къуршхэм, и спорт ехъулIэныгъэхэм я закъуэкъым. АтIэ щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм я купсэщ. Ди деж километритIым щIигъу и куэагъыу щолажьэ зихуэдэ щымыIэ Бахъсэн нейтрин щIыщIагъ обсерваторэр. А зыращ Урысейм апхуэдэу итыр.

Узыншагъэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ жыпIэмэ, щIыналъэр хущхъуэкIэ цIэрыIуэщ – минералкIэ бей псынэхэр къыщыщIож, бальнеологие курорхэмкIэ къулейщ, мыIэрысей жыг хадэхэр и куэдщ. Республикэм и ныпым Iуащхьэмахуэ и гъусэу тещIыхьа мыIэрысэр абы и дамыгъэщ. Республикэм и цIэр къызытекI лъэпкъитIым нэмыщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри лъэпкъ 25-рэ исщ. Ахэр зэмыщхьми, щэнхабзэ лъапIэныгъэхэм цIыхубэм ират мыхьэнэм зэпэгъунэгъу, уеблэмэ, зэкъуэш ящI», – жиIащ Аннэ.

Зэхыхьэм зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэри хэтащ. Викторинэ Iыхьэм дэтхэнэми езыр къыщалъхуа, къыздикIа щIыпIэм и щхьэхуэныгъэхэр щыжиIэжащ, Урысейм и цIыхухэми и хэку цIыкIур яригъэцIыхуащ. Абы нэхъ жыджэру хэта хьэщIэхэм саугъэтхэр иратащ. «ХьэщIагъэм и лIыкIуэхэр» зыхэта зэхуэсыр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым зэрырагъэкIуэкIам къыбжеIэ ар къэралым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Абы зэпищIащ щIыналъэ зэхуэмыдэхэм я IэщIагъэлIхэр, зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэхэри щызэдащIащ.

Зэхуэсыр къызэрагъэпэщащ «Мастерская гостеприимства» АНО-м, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «Урысейр Iэмалхэм я къэралщ» президент платформэм, Смоленск областым и Правительствэмрэ Туризмэм зегъэужьынымкIэ центрымрэ.

ДАРИЙ Дахэнур.

● УФСБ-м къет

Жыгхэр ириупщIыкIырт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэмрэ, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэмрэ къызэпаудащ илъэс 38-рэ зи ныбжь налшыкдэс Атмурзаев А. А. илэжь хабзэншагъэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, абы хуит зыщI тхылъхэр имыIэу, «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркым жыгхэр щриупщIыкIащ.

Iуащхьэмахуэ район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Атмурзаев А.А. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 260-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэм хуэдэ илэжьауэ. Абы ямыгъэтIысу илъэси 3 тралъхьащи, зыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ.

Фадэхэк! нэпцIхэр ягъэхьэзырырт

Хабзэхъумэхэм апхуэдэу къыщIагъэщащ республикэм щыпсэухэу Хъущт Э.Х., Муратхэ Т.Р., И.Р. сымэ ялэжь хабзэншагъэр. Ахэр пыщIащ фадэхэкI нэпцIхэр гъэхьэзырыным икIи игъэкIыным.

ДЗЭЛЫКЪУЭ районым Iуэхухэр щрагъэкIуэкIыу къагъуэтащ фадэ нэпцIхэр щагъэхьэзыр цех. Кърытрахащ спиртхэкI зэрыт птулъкIэ мини 7,8-м щIигъу, акциз федеральнэ маркэхэр темыгъэпщIауэ.

Дзэлыкъуэ район судым и унафэ къару зымыгъуэтам ипкъ иткIэ, суд зытращIыхьахэр къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 171.1 статьям и 6-нэ Iыхьэм и «а», «б» пунктхэм, 171.3 статьям и 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэмкIэ. Хъущт Э.Х. илъэси 4-рэ мази 4-кIэ ягъэтIысащи, къызэрыгуэкI колонием щигъэкIуэнущ; Мурат Т.Р.-рэ Мурат И.Р.-рэ ямыгъэтIысу илъэси 2-рэ мази 6-рэ тралъхьащ.

Зэуэ зэрагъэпэщыж

«Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм егъэджэныгъэ IэнатIэм зыщегъэужьын» къэрал программэм хыхьэ «Унагъуэр дэIыгъын» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Налшык къалэм и курыт еджапIэхэм ящыщ зыбжанэ къызыхуэтыншэу мы гъэм зэрагъэпэщыжынущ.

Абы хиубыдэнущ къалащхьэм дэт школхэу №№5-м, 6-м, 9-м, 27-м, 28-м, 31-м, гимназие №29-м, ЕгъэджэныгъэмкIэ центр №1-м, курыт еджапIэм пыщIа сабий сад №37-м я унэхэр. Лэжьыгъэхэм хыхьэу абыхэм псоми инженер коммуникацэхэр: псы къабзэ, хуабэ, щIыIэ зэрыкIуэ, къагъэсэбэпар зэрыIуаш бжьамийхэр, ток кIапсэхэр, нэгъуэщIхэри щызэрахъуэкIынущ, унащхьэхэмрэ IуплъапIэхэмрэ зыхуей хуагъэзэнущ, пэшхэр къращIыкIынущ.

Дызэрыт илъэсым къриубыдэу лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIын мурад щыIэщ, ауэ ахэр екIуэкIыхукIэ, еджэныгъэм зэран хуэмыхъун щхьэкIэ, еджакIуэ цIыкIухэр япэгъунэгъу школхэм трагуэшэнущ.

Адэ-анэхэм худачых

Адэ-анэхэм я сабийхэр садхэм зэрыщаIыгъым папщIэ ята ахъшэм щыщ хуагъэкIуэж, хабзэм къызэригъэувым тету. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ зыхуэфащэу къалъытэ сабий 10573-м я адэ-анэхэм сом мелуан 75,9-рэ щыхуапшыныжащ 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым.

Зэрагъэувараци, лэжьапIэ Iутыр псэун папщIэ зы мазэм нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэу щIыналъэм щагъэувам нэхърэ нэхъыбэ къызыхэмыхъуэ унагъуэхэм худыщIагъу, сабийм трагъэкIуадэр апхуэдэ щIыкIэкIэ хуагъэмэщIэн папщIэ. Абы и куэдагъыр зэлъытар унагъуэхэм я сабийхэм я бжыгъэрщ. Псалъэм папщIэ, япэ быным щхьэкIэ адэ-анэм щIат пщIэм и процент 20-р худачых, ар ику иту къэщтауэ, етIуанэм щхьэкIэ – процент 50-р.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2024 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ унагъуэ быныфIэхэм, абыхэм я хэхъуэм емылъытауэ, сабий къэс садыпщIэу щIатам и уасэр проценти 100-кIэ хуапшыныж.

Иджырей мардэм къитIасэу

«ГъащIэ купщIафIэ икIи жыджэр» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Аруан щIыналъэм и Чернэ Речкэ къуажэм амбулаторэщIэ щаухуэнущ мы гъэм. Лэжьыгъэхэр ирагъэжьэнущ гъатхэм и пэщIэдзэм.

Иджыпсту къуажэм дэт амбулаторэжьыр щыIэ мардэхэм къитIасэркъым, уеблэмэ цIыхухэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ а унэр бэджэнду къащтауэ араш.

Къуажэдэсхэр абы нэхъ тыншу кIуэфын папщIэ, амбулаторэщIэр къуажэкум хуэзэу щаухуэнущ, курыт еджапIэмрэ щIыпIэ администрацэм и хэщIапIэмрэ япэгъунэгъуу. Ухуэныгъэм метр зэбгъузэнатIэу 350-рэ ирагъэубыдынущ. Медицинэ и лъэныкъуэкIэ ар зэпэщу щытынущ: оборудованэщIэхэр, техникэщIэхэр щIагъэувэнущ, дохутырхэми пэш щхьэхуэхэр яIэнущ икIи Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр цIыху 2370-м щыхуащIэнущ, сабий 800-р яхэту.

Къалэдэсхэм я стадион

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Шэджэм къалэм и стадионыр мы гъэм зэIузэпщ ящIынущ.

ЩIыналъэхэм цIыхухэр куэду щызэхуэс я щIыпIэхэр зыхуей хуэгъэзэным хуэгъэпсауэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIа урысейпсо интернет IэIэтым къалэдэсхэм ар япэ игъэщыпхъэхэм ящыщу къагъэлъэгъуат.

Стадионыр зыхуэзэр Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым ипщэкIэщ икIи лэжьыгъэхэм хиубыдэу топджэгу губгъуэ щаухуэнущ, тIысыпIэхэр иIэу, къэухьхэмкIэ кърагъэбыдэкIыжынущ, иджырей узэдыгъэхэмкIэ къыщызэщIагъэнэхунущ, нэгъуэщI зыхуейхэри зэфIагъэкIынущ.

ЩЭУЕЙ Болэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ГъащIэм къыкIэрагъэхуркъым

ПIалъэ кIыхькIэ сымаджэщым щIэлъ сабийхэр егъэджэным хуэунэтIа, «Учим Знать Историю» тхыдэ-узэщIыныгъэ проектым и лъэхъэнэщIэр Урысейм щрагъэжьащ.

Абы и къызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщымкIэ, госпиталь, музей педагогикэм и хабзэхэр и лъабжьэу, «сабийхэр - сабийхэм» жыпхъэм тету егъэджэныгъэр къызэрагъэпэщ. Сымаджэщхэм щIэлъ сабийхэм папщIэ «экскурсиехэр» къызэрагъэпэщ, еджапIэхэм я музейхэм щIэлъ тхыгъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къагъэсэбэпурэ. Мы зэманым а Iуэхум къызэщIеубыдэ Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыIэ госпиталь еджапIэу 72-рэ.

Проектым и унафэщI Шариков Сергей къелъытэ апхуэдэ жэрдэмыр пIалъэ кIыхькIэ сымаджэщым щIэлъ сабийхэр гъащIэм щекIуэкIым щыгъуэзэнымкIэ, апхуэдэуи щытыкIэ хьэлъэ къыщихутэм деж дэIэпыкъуныгъэ зэрагъуэтынур зыхегъэщIэнымкIэ Iэмал хъарзынэу.

«Учим Знать Историю» проектыр тхыдэ фэеплъым теухуа Iуэху къудейкъым, - жиIащ абы. - Дэ догугъэ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я лIыхъужьыгъэр сабийхэр зыпэщIэт узыфэм пэлъэщынымкIэ, щытыкIэ гугъум къикIынымкIэ щапхъэ яхуэхъуну».

Проценти 7,6-кIэ

Урысейм и Социальнэ фондым къызэритымкIэ, мылажьэ пенсионерхэм ику иту къахь пенсэр 2025 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм сом мин 24-м нэблэгъащ. Илъэсым къриубыдэу сом мини 2,3-кIэ хэхъуащ. 2024 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ар сом мин 21,7-рэ хъууэ щытауэ араш.

ЛэжьапIэ IэнатIэ Iумытхэм ику иту пенсэ нэхъыбэ дыдэ къыщахьыр Федеральнэ щIыналъэ нэхъыщхьэрщ - 2025 гъэм абыхэм къаIэрыхьащ сом мин 24,2-рэ, 2024 гъэм - 21,9-рэ.

2026 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ мылажьэ пенсионерхэми IэнатIэ Iутхэми я страховой пенсэм проценти 7,6-кIэ хэхъуащ.

Мазаем и 18, бэрэжьей

♦Урысей Федерацэм и Транспорт полицэм и махуэщ

♦УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм дзэхэр зыхуей хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ къызэзыгъэпэщ и IэнатIэм и махуэщ

♦**1924 гъэм** Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIу къыщызэIуахащ.

♦**1943 гъэм** Адыгэ Республикэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ КъШР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Арэшыкъуэ Къанщауэ**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуэдзокъуэ Хьэсэн**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ критик, литературэдж, УФ-мрэ Адыгеймрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **ШащIэ Къазбэч**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихуэжынущ.

Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 25-рэ. Абыхэм ящыщу 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ. Мазаем зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 418-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1213-рэ.

Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи IэмыщIэ имылъым ущымыгугъ.

Адэшхуэм и щIэинхэр егъэлъапIэ пхъурылъхум

КъБР-ми КъШР-ми я цIыхубэ артист, уэрэджыIакIуэ, егъэджакIуэ Мэремыкъуэ Хъусен и пхъурылъху, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, АМАН-м и егъэджэныгъэ программэхэм яз зыгъэзэщIахэм ящыщ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэ Къанокъуэ Арсен и дэIэпыкъуэгъуу лэжьа ГъукIэпщ Iэсхьэд и адэшхуэм и щIэинхэм я фонд къызэригъэпэщащ. Абы теухуауэ и мурадхэм ар иджыблагъэ къытхутепсэлъыхьащ.

ЗЭДЭЛЪХУЗЭШЫПХЪУХЭР плIы мэхъу: Iэсхьэд, Анатолэ, Денизэ, Дианэ. Анатолэ МГИМО-м дипломат IэщIагъэм щыхуоджэ. Гитарэ еуэкIэм езыр-езыру зыхуигъэсэжауэ и адэшхуэ Хъусен игъэзащIэу щыта уэрэдхэр Iэзэу жеIэ. Ар Москва дэсыху анэдэлъхубзэм, лъэпкъ тхыдэм, цIыхубэ уэрэдхэм нэхъри дахьэхащ. Зы илъэс ныкъуэ дэкIмэ, МГИМО-р къеухри, къигъэзэжу и адэшхуэм и IэщIагъэм пищэну и мурадщ. Куэдым жаIэ Анатолэ и макъыр уэрэд жыIэным теухуа чэнджэщ щхьэпэхэр къезыту щыта Хъусен ейм ещхь зэрыхъуар. Денизэ МГИМО-м журналист IэщIагъэм щыхуоджэ. Дианэ иджыри курыт еджапIэм щIэсщ. Дианэрэ Денизэрэ сурэт щIыным хуабжьу дахьэх икIи къохъулIэ.

Республикэ телевиденэм, радиом, газетхэм, Мэремыкъуэ Хъусен теухуауэ щыIэ нэтынхэмрэ тхыгъэхэмрэ Iэсхьэд зэхуихьэсыжащ. Псом хуэмыдэу щогуфIыкI радиом и фондым щахъумэ уэрэдхэм щыщ зыбжанэ зэрыригъэтхыжам. Иджыри зэпимыгъэууэ а лэжьыгъэм зэрыпищэм щыгъуазэ, Хъусен къэзыцIыхуу щытахэм Iэсхьэд къалъыхъуэурэ кърат Мэремыкъуэм теухуауэ яIэ тхыгъэхэр, сурэтхэр. Абыхэм ящыщщ Къанокъуэ Баширрэ Хъусенрэ я макъкIэ ирагъэтхауэ щыта адыгэ псалъэжьи 101-м я альбомыр. Архивым щыщу къатыж теленэтынхэм, Интернет напэкIуэцIхэм и адэшхуэм теухуахэм зэрымыщIэкIэ зыщрихьэлIахэр зэхуихьэсыжащ. Ахэр нэхъыбэу къыщигъуэтыжащ ХьэIупэ ДжэбрэIил, ХьэIупэ Заур, Еуаз Зубер, Къэзанш Людмилэ, Теувэжыкъуэ Марьянэ, Думэн Мурадин сымэ я деж. И адэшхуэм и щIэинхэр зэхуэхьэсыжыным къыдэкIуэу, Iэсхьэд и мурадщ абы и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа тхылъ къыдигъэкIыну, фильм трихыну, Налшык къалэм и уэрамхэм ящыщ зым Мэремыкъуэ Хъусен и цIэр фIригъэщыну. А хъуэпсапIэхэр къехъулIэну ди гуапэщ.

- Лъэпкъым и щэнхабзэр, и бзэр ихъумэжыныр езы лъэпкъырщ зи IэмыщIэ илъыр. ЩIэблэм ди къалэнщ нэхъыжьхэм къытхуагъэнахэр зетхьэну. Абы и лъэныкъуэкIэ иджырей Iэмэпсымэхэр щхьэпэщ, къэухь IэрыщIри хыхьэу. Псом хуэмыдэу а Iэмалхэм щIэблэр дегъэхьэхын хуейщ, - жеIэ Iэсхьэд. - Зэманым зедгъэкIуну, ди анэдэлъхубзэр тхъумэн папщIэ нобэ щIэупщIэ зиIэ Iэмэпсымэхэр къэдгъэсэбэпыну гъащIэм къытхуегъэув. Фильмхэр, художественнэ тхыгъэхэр зэдзэкIынымкIи ахэр щхьэпэщ. Къапщтэмэ, иджы дыдэ згъэщIэгъуащ адыгэбзэкIэ тхыгъэр ЯндексымкIэ зэрызэздзэкIыфар. Си жып телефоным адыгэбзэ хьэрфхэр зэрыхэтри фIыщ. Къэрал дэIэпыкъуныгъэ щыIэмэ, дауи, фIыщ, ауэ псом япэ ди къарум дыщыгугъыжын хуейщ. ЗэрытщIэщи, псори къыщежьэр унагъуэрщ. Зи унагъуэр, щIыналъэр, къэралыр зыгъэкIуатэ цIыхухэр нэхъыбэ дыхъуну си гуапэщ.

Москва дэсу Iэсхьэд адыгэбзэ зэрызригъэщIари гъэщIэгъуэнщ. Зэгуэрым, ар иджыри курыт еджапIэм и 7-нэ классым щIэсу, Хъусен и махуэр щагъэлъапIэм адэшхуэм ехъуэхъуну псалъэ къыщратым, адыгэбзэкIэ зэрыхужымыIам папщIэ игъэукIытат хьэщIэхэм ящыщ зым. Абы щыгъуэ Iэсхьэд мурад быдэ ищIат и анэдэлъхубзэр зригъэщIэну, икIи къыкIэлъыкIуэ гъэм и адэшхуэм и махуэр щагъэлъапIэм хъуэхъу дахэ адыгэбзэкIэ яжриIэри игъэзэкIуэжащ.

ЩIыналъэм исхэр зи макъамэ дахэхэм къыдэушу, къыдэтэджу щыта Мэремыкъуэ Хъусен республикэм и щэнхабзэм, и тхыдэм щыщ Iыхьэ хъуащ. Артист цIэрыIуэм уэрэд 300-м щIигъу къыщIэнащи, и щIэблэм ахэр хуэсакъыу яхъумэ, цIыхубэр абыхэм зэрыщагъэгъуэзэным хущIокъу. Куэдым фIыуэ ялъэгъуа уэрэджыIакIуэм и щIэинхэм ноби щIэупщIэ яIэщ, радиомрэ телевиденэмкIэ къат. Мэремыкъуэ Хъусен и цIэр зезыхьэ фондыр 2025 гъэм Iэсхьэд къызэригъэпэщащ. Абы и стипендиер иратынущ икIи дэIэпыкъунущ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым зэфIэкI щызиIэ и студентхэмрэ уэрэд жыIэным хуэIэкIуэлъакIуэ щIалэгъуалэмрэ. Къапщтэмэ, Музыкэ училищэм Хъусен уэрэд жыIэным щыхуигъэсахэм ящыщщ къэралым цIэрыIуэ щыхъуа Къэзан Сэтэней.

Мэремыкъуэ Хъусен 2021 гъэм дунейм ехыжащ. Ар къызэралъхурэ илъэс 75-рэ щрикъум, 2023 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м, фэеплъ пшыхь гукъинэж Налшык къыщызэрагъэпэщащ, Мэремыкъуэ Резуан, Къаныкъуэ Заринэ, Гумэ Маринэ, Нэхущхэ Чэримрэ Тимуррэ, нэгъуэщIхэри я дэIэпыкъуэгъуу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Ехъулlэныгъэм и джэлэст

Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Къардэн Мухьэмэд «Адыгэ псалъэм» щIэх-щIэхыурэ къыхуэтхэ ди щIэджыкIакIуэхэм ящыщщ. Абы и тхыгъэхэмкIэ дегъэцIыху жылагъуэм пщIэ щызиIэхэр, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр я къару емыблэжу езыхьэкIхэр - щIэныгъэлIхэр, мэкъумэшыщIэхэр, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэн IэнатIэм, нэгъуэщIхэм хьэлэлу пэрытхэр. Нобэрей къыдэкIыгъуэм тет очеркыр Мухьэмэд триухуащ ди щIыналъэм и мэкъумэш IэнатIэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа IэщIагъэлIхэм ящыща ЛАМПIЭЖЬ Володэ Цорэ и къуэм.

«КРАСНАЯ Кабарда» колхозым и зоотехник нэхъыщхьэу лэжьа ЛампIэжь Володэрэ сэрэ дызэрыцIыхуу щыта къудейкъым - дэ Ислъэмей къуажэм дэт 1-нэ курыт курыт еджапIэр, зы классым дыщIэсу къыздэдухащ. ИужькIэ тIуми Iэщ дохутыр IэщIагъэ зэдгъэгъуэтащ, илъэс тIощIым нэблагъэкIэ колхозым дыщызэдэлэжьащ. Университетыр къэдуха иужькIэ, Володэ колхозым зоотехнику, сэ Iэщ дохутыру лэжьэн зэдыщIэддзащ.

ЛампIэжьым и ныбжьыр илъэс пщыкIутIым нэсауэ арат и гур зи бзэ мыпсалъэ Iэщхэм щакIэрыпщIам. Я гур хэхъуэу икIи дихьэхауэ зэныбжьэгъухэр зэгъусэу Iэщыхъуэ цIэрыIуэхэр щыпсэу унэм зэрыхьхэрт, шкIэ цIыкIухэм еплъыну. Володэ махуэ псом абыхэм якIэрысыфынут, зыхуэныкъуэр емызэшу яхуищIэу. Нэхъ къыдэкIуэтейри, щIалэ цIыкIум мурад ищIащ и гъащIэр Iэщ гъэхъуным ирипхыну.

Илъэсхэр блэкIри, колхозхэр лъэ быдэкIэ уващ, Володэ зыщIэхъуэпса зэманри къэсащ. Курыт еджапIэр къызэриуха аттестатыр иIыгъыу, нэщхъыфIэу унэм кIуэжащ ар, икIи къехьэкI-нехьэкI хэмылъу и адэ-анэм захуигъэзащ:

- Колхозым комсомол-щIалэгъуалэ фермэ къыщызэрагъэпэщащи, Кулисум (и шыпхъур) си гъусэу жэмышу дыкIуэну дызэгурыIуащ.

- ФыкIуэ, мурад щыфщIакIэ, - жиIащ анэм, ар зэрыгушыIам шэч къытримыхьэу. Ауэ дэнэт - иужькIэ къищIащ я Iуэхум гушыIэ зэрыхэмылъыр.

Псалъэмакъ къимыкIыу адэ-анэм зэрагурыIуам гуфIэгъуэ кърита щIалэм. Арати, етIуанэ махуэм Володэрэ Кулисумрэ «Красная Кабарда» колхозым и езанэ гъэш фермэм жэмышу кIуащ, Iэщыхъуэ IэщIагъэм зыхуагъэсэну. Зауэм лIыхъужьу хэта лIы Iущ Хьэмжу Шамхьун и пащхьэ къихуташ ЛампIэжьыр. И Iэхэр здихьын зымыщIэу зезыхьэ щIалэм унафэщIыр бгъэдыхьэри, зыхуигъэзащ: «Жэмышым и Iэхэр хъыджэбзым ейм хуэдэу щабэу щытын хуейщ, уэ уи Iэхэр фэIуадзэм дэмыкIа фэм хуэдэу къурэщ». - «ФэIуадзэ къэгъуэтыгъуейкъым, абыи зыгуэр етщIэнщ», - жиIащ абы, нэхъыжьыр къызэрыдэгушыIэм шэч къытримыхьэу.

ЗэкIэ абы къылъысар силос къизышхэм ядэIэпыкъунырт. Дзыхь къыхуащIа IэнатIэр ныкъусаныгъэншэу кърихьэлIэ щхьэкIэ, абы и гупсысэр жэм щашымкIэ щыIэт. Ар къищIам хуэдэу, фермэ унафэщIым жиIэрейт: «Куэд мыщIэу уэри жэмыш пашэ ухъунщ, умыгузавэ».

- УкIэлъыплъыжын хуэмейуэ и лэжьыгъэр фIыуэ егъэзащIэ мы щIалэ IэчлъэчыM, - жаIэрт фермэм щылажьэ псоми. - Абы жэм иратмэ, флъагъунщ зэрыхъур.

- Республикэм щыпашэ Къаскъул Муслъимэт гъунэ къыдигъэплъынкъым, - жиIэрт фермэ унафэщIу щыта Хьэмжу Шамхьун.

Апхуэдэуи хъуащ. Илъэсыр иухыу лэжьыгъэм кърикIуар къыщапщытэжам, жэм къэс хуэзэу шэ килограмм 3000 къыщIишри, зыбжанэм я «лъэдакъэр» пичауэ къыщIэкIащ жэмыш пашэ Володэ. А зэманым апхуэдиз шэ къэзышыр Iэпэхэм я пэбжт.

Зызыужьу хуежьа колхозым и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ куэд дэмыкIыу Володэ еджапIэ ягъэкIуащ Ставрополь дэт мэкъумэш институтым ветеринариемкIэ и къудамэм, Колхозым и стипендиат щIалэщIэр адрейхэр зытримыгъакIуэу еджащ, IэщIагъэлI къищIыкIауи хозяйствэм къигъэзэжащ. Iэщ дохутыр IэщIагъэр зэзыгъэгъуэта Володэ зэкIэ зоотехник нэхъыщхьэ къалэныр и пщэ далъхьащ икIи гурэ псэкIэ лэжьыгъэм пэрыуващ.

«Ди адэр псэужамэ, «Хьет жегъэIэ, зэребгъажьэщ», - жиIэнурэ сытым хуэдэу сытригъэгушхуэнут», - егупсысырт лэжьапIэм хуэпIащIэу кIуэ щIалэщIэр. Абы къыгурыIуэрт планыр шэмкIи лымкIи бгъэзащIэрэ IэщIэвыщIэхэм, щIэжьейхэм хэщIыныгъэ ямыIэу гъэ тебгъэкIыну зэрымытыншыр. Абы папщIэ лэжьыпхъэхэр, цы Iуданэ зэхэзэрыхьам хуэдэти, Володэ иужь ихьащ, зы кIапэ гуэр къигъуэту ар «зэхихыжыну». Унагъуэм япэ лэжьыгъэр иригъэщу, щIэм ерыщу лъыхъуэу, пэжымрэ напэмрэ я хабзэм тету, Iуэху зехьэкIэщIэхэр тегушхуауэ къигъэсэбэпу лажьэ унафэщIым куэд хузэфокI. ЛампIэжь Володэ апхуэдэу къыщIидзащ икIи зэман кIэщIым лэжьыгъэм лъэбакъуэшхуэ щичыфащ.

ЛэжьакIуэхэм сыт щыгъуи яхэтащ ар, фермэхэм кIуэуэ, кабинетым щIэсыну зэман имыIэу. Зи лэжьыгъэр хьэлэлу къезыхьэлIэхэм захуэу яхущытащ, зыщIезыхъэххэм яхуэгуэщIащ. Сыт хуэдэу гугъу ехьами, зоотехник нэхъыщхьэм хузэфIэкIащ икIэщIыпIэкIэ Iуэхур тэмэму зэтриухуэн. «Жэм къэс хуэзэу шэ килограмм минищ къыщIыщIэдмышын щхьэусыгъуэ диIэн хуейкъым», - яжиIэрт абы жэмышхэм. Зоотехник щIалэм лэжьапIэм зэрыуврэ ар и хъуэпсапIэти, хунэсыну хущIэкъурт, атIэми абы шэч къытезыхьэхэр щыIэт. Дауи, апхуэдэ лъагапIэм зеппщытыныр Iуэху джэгутэкъым. КъинэмыщIауэ, Iэщхэм яхэт бруцеллезымрэ туберкулезымрэ нэмыщI, къахэуа Iуейм я зэранкIэ я гугъуехьыр псыхэкIуадэ хъурт. Володэ жэщ-махуэ имыIэу Iэщ дохутырхэм я лэжьыгъэр къызэригъэпэщырт, ядэIэпыкъурт. Апхуэдэу лэжьыгъэр зэтеубла хъуа нэужь, абы зэхьэзэхуэм къыхураджащ ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ колхозыр. Илъэсыр иухыу, лэжьыгъэм кърикIуахэр къыщапщытэжам, «Красная Кабарда» колхозым и Iэщыхъуэхэм япэ увыпIэр щIыпIэм щаубыдат, жэм къэс хуэзэу шэ килограмм 3000-м щIигъу къыщIашри.

Зи цIэр фIыкIэ жаIэ хъуа щIалэщIэм районым и унафэщIхэм псынщIу гу къылъатащ. ЛампIэжьым бгъэдэлъ лъэкIыныгъэхэр къалъытэри, Бахъсэн районым щыIэ ветеринар станцым Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу ягъэкIуауэ щытащ. Жэуаплыныгъэ зыпылъ а къулыкъуми абы унафэщI Iэзэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Сыт хуэдэу цIыху щабэми, щIэткIиин ирихьэлIауэ къикIуэтыртэкъым ар. Уз зэрыцIалэхэм земыгъэубгъунымкIэ хабзэр зэрагъэзащIэр къипщытэу фермэхэр къызэхикIухьырт, ныкъусаныгъэ ирихьэлIэмэ, ар занщIэу иригъэгъэзэкIуэжу. Къэхъурт инспекторыр хъыбарыншэу колхоз зытIущым «щатеуи», лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр къипщытэн мурадкIэ. ЛампIэжьым и фIыгъэкIэ Iэщ сымаджэхэр лъэныкъуэ ирагъэзырт, узыншэхэр зэтрамыцIалэн щхьэкIэ. Апхуэдэуи ар яхуэткIийт узыфэхэм ятеухуа хабзэхэр зымыгъэзащIэхэм: ахэр къызэпызыудхэм Iуэхур зытетыр къызэрыщ актхэр яхуитхырт, къуэдыуэ ахъшэшхуэ яригъэпшынырт, Iуэхур суд пащхьэм щынэси щыIэу.

Зэрылэжьа зэманым кърибыдэу ныкъусаныгъэ куэд къыщIигъэщащ ЛампIэжьым. Абы къишащ бруцеллезымрэ туберкулезымрэ куэдкIэ нэхъ мащIэ щIыныр, шэр къэралым етынымкIэ къалэныр процентий 120-м щIигъукIэ зэрагъэзэщIар. Абы иужькIэ район унафэщIхэм жаIэу щIадзащ: «Володэ здагъакIуэм ехъулIэныгъэ щыIэщ». Ар къалъытэри, районым хэщIыныгъэ фIэкIа хэхъуэ къезымыт джэдкъаз фабрикэм и унафэщIу ягъэуvауэ щытащ ар. «Сыт хуэдэу щытами, гугъу зезгъэхьынщ, слъэкI къэзгъэнэнкъым, жагъуэгъугъэгуфIи сыхъункъым», - жиIэри а лэжьыгъэми тегушхуауэ пэрыхьауэ щытащ Володэ.

ЯпэщIыкIэ директорыщIэм иубзыхуащ зэпкърыхын хуейуэ щыIэ Iуэхугъуэхэр. Лэжьыгъэу щыIэр гъунапкъэншэти, зэрыжаIэу, абыхэм къанэ щымыIэу и къарур иритащ. А зэманым фабрикэм джэд мини 100-м нэблагъэ иIэт. УнафэщIым IэщIагъэлIхэм занщIэу ягуригъэIуащ ныкъусаныгъэ щыIэу зэрахуимыдэнур. А «зауэм» зэман мащIэ тригъэкIуэдакъым, ауэ абы щыгъуэ и пащхьэ къита къалэн нэхъыщхьэр - щытыкIэ гугъум ит хозяйствэр къишыныр - хузэфIэкIащ. Абы, зэрыхабзэу, къыкIэлъыкIуащ адрей ехъулIэныгъэфIхэри. Апхуэдэу, дзыхь къыхуащI дэтхэнэ IэнатIэри ихъумащ, иригъэфIэкIуащ, Iуэхум зригъэужьащ лэжьакIуэшхуэм.

Зоотехникымрэ сэрэ къалэн зыхэгъэж диIэтэкъым, зыр щымыIэмэ, адрейм тIури зэдэтхьырт. Пщыхьэщхьэм колхозым заседанэ щыIэу IэщIагъэлIхэр дыщIэст зэгуэрым. Председателыр къэтэджэри, Володэ дежкIэ плъэурэ жиIащ: «Къардэн Мухьэмэд и щIэныгъэм хигъэхъуэну Мэхъэчкъалэ институтым мазитIкIэ еджакIуэ макIуэ. Къагъэнэну дылъэIуати, зыри къикIакъым, дымыгъакIуэу къытхуадэркъыми, уэ, Володэ, ар къэкIуэжыхукIэ Iэщ дохутыр къалэнри уи пщэ къыдохуэ». Апхуэдэу тыншу, дызэгурыIуэу илъэс куэдкIэ дызэдэлэжьащ дэ, жэщ-махуэ димыщIэу ди къалэным пэжу дыпэрыту. Сэ сымыщIэмкIэ сечэнджэщырт, езыр зыщымыгъуазэмкIэ сыдэгуашэрт.

IэщIагъэлI Iэзэм жиIэрейт: «ГъащIэм нэхъыщхьэу хэлъыр уи лэжьыгъэр фIыуэ плъагъунырщ. Апхуэдэ лъагъуныгъэ щымыIэмэ, академикыфIи, дохутырыфIи, егъэджакIуэфIи, IэщыхъуэфIи, ухуакIуэфIи щыIэкъым. Арыншамэ, цIыхур махуэрылажьэ къудейуэ ращ: махуэр иухыным, отпуск кIуэным, пенсэ тIысыжыным ежьэу ращ. Ар гъащIэ купщIафIэкъым».

ФIыуэ илъагъу лэжьыгъэмрэ цIыхухэмрэ къыщежьэ IэнатIэм ЛэмпIэжьыр нэмэзыпэм кIуэрт дапщэщи. КIуэрт, гъащIэ гъуэгум захуэу тету, и пщэрылъхэр жэуаплыныгъэ хэлъу зэригъэзэщIэным хъущIэкъуу.

Ныбжьэгъу пэжу, лэжьэгъуфIу сиIа ЛампIэжь Володэ и гъащIэ мытыншыр, узэхъуапсэ уэрэд дахэм зы нотэ мыхъумыщIэ зыхэмытым хуэдэу, щызу, купщIафIэу щытащ. И ахърэтыр нэху Алыхьым ищI».

Зыгъэхьэзырар
КЪАРДЭН Маритэщ.

Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм

«Продэкспо 2026» фIэщыгъэр зэрихьэу ерыскъыхэкIхэмкIэ 33-нэ дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ Мэзкуу къалэм и «Экспоцентр»-м щекIуэкIащ мазаем и 9 - 12-хэм. Къэрал дэIэпыкъуныгъэр къагъэсэбэпри, абы зэрыхэтым пщIэ щIамыту, зэхуэсым щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспортерхэр.

Къыхэдгъэщынщи, ерыскъыхэкIхэмкIэ къэралым щрагъэкIуэкI гъэлъэгъуэныгъэхэм ящыщу псом нэхърэ нэхъ ину УФ-м къыщалъытэ иджы екIуэкIа «Продэкспо»-р. ЖыпIэну урикъунщ, хамэ къэралу 34-м, УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу 48-м я Iуэхущ IапIэ зэхуэмыдэу 2000-м щIигъу абы зэрыхэтар мы гъэм. Ахуэдэуи, гъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ илъэс къэс зэхагъэувэ хабзэ урысейпсо рейтингым япэ увыпIэр щиIыгъщ «Ерыскъы» категорием хыхьэ, «Гъэлъэгъуэныгъэр щрагъэкIуэкI щIыпIэм и инагъыр», «IэщIагъэлIхэр дэзыхьэх», «Дуней псом къыщалъытэ», «Сату щIыпIэу къызэщIаубыдэм и куэдагъыр» унэтIыныгъэхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ республикэм и Iуэхущ IапIэ нэхъ инхэм ящыщу 7 икIи я продукцэхэр абы щагъэлъэгъуащ «Лэгъупыкъу» (илъэсипщIым щIигъуауэ пхъэщхьэмыщхьэм, хадэхэкIым, мэракIуэ лIэужьыгъуэхэм къыщIахуа псыхэр ирегъахъуэ), «Сириус-М» (КъБР-м къыщагъэкIа бэдрэжаным къыхэщIыкIа пIастэрэ майонезрэ къыщIегъэкI), «Фрутопьяно» (пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI пIытIахэр, мэрэзейхэр къыщIегъэкI, езыми ещэж), «МЭЙ Групп» (псыIэфIхэмрэ нарзанымрэ ирегъахъуэ, псы къабзэри хэту), «Велес-Агро», «Къэббалъкъптицэ» (тIури джэдкъазылым йолэжь) IуэхущIапIэхэр.

Апхуэдэуи, «Налшык-IэфIыкIэ», «Жако», «Iуащхьэмахуэ К» IэфIыкIэ зэводхэм абы щагъэлъэгъуащ, хьэщIэхэри къыщыдахьэхащ IэфIыкIэ лIэужьыгъуэу утыку кърахьам и куэдагъымкIэ.

Республикэм и стендым деж зэпсэлъэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, опт, розницэ щэхуакIуэхэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ, чэнджэщхэмкIэ щызэхъуэжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм, дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм хэтыну, я продукцэхэр щагъэлъэгъуэну, щIыналъэм и щIыхьыр яIэтыну апхуэдэ Iэмалхэр ягъуэтащ КъБР-м Экспортыр дэIыгъынымкIэ и центрым и фIыгъэкIэ, КъБР-м ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэр къадэIэпыкъуу.

Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ», «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэхэм япкъ иткIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ГъущI къэрэндащрэ тхылъымпIэкIэ

ЩIыуэпсым цIыхум дежкIэ мыгурыIуэгъуэу щэху куэд егъэпщкIу - къыпхуэмыIуэтэн къэхъукъащIэу щытми псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ я дунейм теухуами. ЩIэныгъэлIхэм абыхэм я жэуапхэр къалъыхъуэ зэпытщ, илъэс къэси щIэ гуэрхэр къахутэ. Апхуэдэу мывэхэми мэгъу къару гуэр яхэлъу, езым я тхыдэ яIэжу ижь-ижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ.

ДИ зэманым къэухь IэрыщIым зыщиужьащи, абыкIэ лэжьыгъэ телъыджэхэр (сурэтхэри яхэту) къагъэщIу хуежьащ. Ауэ, тхыдэм дриплъэжмэ, сурэтыщI гъуазджэм и Iэмал нэхъ пасэ дыдэхэм ящыщщ мывэм къыхабзыкIыу зэрыщытар. ЦIыхубэм къыдэгъуэгурыкIуэ а IэпщIэлъапщIагъэм и щIэщыгъуагъэр ноби кIуэдакъым. Ар зыхъумэ закъуэтIакъуэхэм ящыщщ Кърушэ Хъусен. ХьэтIохъущыкъуей къуажэм къыщалъхуа IэпщIэлъапщIэм къиухащ политехникэ техникумымрэ мэкъумэш университетымрэ. Ауэ и зэчийм зыкъызэрызэкъуихрэ куэд дыдэ щIауэ пхужыIэнукъым - илъэсипщI къудейщ.

Мывэхэр зэхуэхьэсыным къызэрымыкIуэу дихьэх, абыхэм гъуазджэм и теплъэ къыхэзыщIыкIыф IэпщIэлъапщIэм «Мывэхэм я щэху къэстIэщIахэр» и гъэлъэгъуэныгъэм и цIэ къудейм къыбжеIэ абы и IэдакъэщIэкIхэр скульптурэ къудейуэ зэрыщымытыр, атIэ IэпщIэлъапщIэмрэ щIыуэпсымрэ зэпыщIэныгъэ быдэ зэрызэхуаIэр.

Хъусен и лэжьыгъэхэм еплъыну иджыблагъэ Iэмал щаIащ Налшык къалэм Пушкиным и уэрамым тет библиотекэм. IэмыщIэм ихуэну мывэхэр IэпщIэлъапщIэм «къигъэпсэуа» хуэдэу къыпфIощI, тхыдэ мыхьэнэ яхыболъагъуэ. Псэущхьэ щIыкIафIэхэри, къэгупсыса пасэрей хьэкIэкхъуэкIэхэри, къэкIыгъэхэм я тхыпхъэщIыпхъэри - псори IэкIуэлъакIуэу мывэм треIущIыкI.

Кърушэм мывэм къыхибзыкIа и лэжьыгъэхэр щэм ноблагъэ. СурэтыщIым псэущхьэхэм къищынэмыщIа, нэхъыбэу къигъэлъагъуэр цIыхухэрщ. Абы къегъэсэбэп зэгуэчыпIэ зиIэ мывэ къутахуэхэри.

Дыщысабийм дэтхэнэ зыми мывэкIэщхъхэр зэпытплъыхь ди хабзэу щытагъэнщ, налкъутналмэс къызыщыдгъэхъуу, цIыхум, псэущхьэм я теплъэм едгъэщхьу. Тенджызым апхуэдэхэр щызэхуэпхьэсыныр гукъинэж дыдэт. Кърушэ Хъусени фIэфIт мывэхэр зэхуихьэсыну, абы Бахъсэн псы Iуфэм нэгъуэщIхэм емыщхь мывэ хьэлэмэтхэр зэрыцIыкIуэрэ къыщигъуэту щытащ. А лъэхъэнэхэм сабиинэкIэ мывэхэм я теплъэр зэдгъэщхьу ди нэгу къыщIэдгъэхьэу щытахэм я щэхур иджы абы къитIэщIащи, псыежэх мывэхэм апхуэдэ телъыджагъэ къыхищIыкIыныр хузэфIокI.

Хъусен и Iэзагъэм укъегъэуIэбжь, мывэ цIыкIум цIыхум и нэкIур, и теплъэр апхуэдэу IупщIу къыхэббзыкIыфыныр бгъэщIагъуэу. Искусствовед Леонтьевэ Нинэ гу зэрылъитащи, Кърушэм и IэдакъэщIэкIхэм япэу ущеплъкIэ, пасэм щыIа гъуазджэм ухашэ. Апхуэдэщ «Зи нэгу щIэкIахэр», «Мысыр», «Карфаген пащтыхь», «Хуабэрэ щIыIэрэ» лэжьыгъэхэр (иужьрейм къыщигъэлъэгъуащ африкэ бзылъхугъэм и теплъэр).

И сурэтхэр Кърушэм мывэ «гупэм» трещIыхь, и Iэпэгъур гъущI къэрэндащрэ джафэ зэрищI тхылъымпIэрэщ. Апхуэдэу цIыхумрэ щIыуэпсымрэ «зэдолажьэ», зэгуэр псыежэххэмрэ тенджызхэмрэ щызэхуихьэса мывэхэм лэжьыгъэ телъыджэхэр иджы къыхищIыкIыу. Хъусен зэрыжиIэмкIэ, и лэжьыгъэм гушхуэныгъэ къыхелъхьэ, дэтхэнэми и теплъэр зыхуэдэ хъунур езы мывэхэм хелъагъуэ.

Гъуазджэр балигъыми нэхъ сабийми я дежкIэ щхьэпэщ, узыгъэгупсысэ, зозыгъэузэщI Iэмалщ. Хъусен и гъэлъэгъуэныгъэм щыIащ курыт школ №5-м щIэсхэр. НыбжьыщIэхэр дэтхэнэ мывэми яфIэтелъыджэу бгъэдэтащ, я хъыбар кърадж ыкIми ярейуэ. Ар зыщIам и Iэзагъымрэ шыIэныгъэмрэ ямыгъэщIагъуэу къэнакъым. Шэч хэлъкъым мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр декоративно-прикладной гъуазджэм и щапхъэфIу зэрыщытым. А дахагъэм цIыхур хэзыгъэплъа библиотекэм гъэлъэгъуэныгъэр къызэригъэпэщат «Гений места» Iуэхум и фIыгъэкIэ. Абы ипкъ иткIэ, IуэхущIапIэхэр щIэгъэкъуэн яхуохъу цIыху зэчиифIэхэм я лэжьыгъэхэр утыку кърахьэнымкIэ. Дызытехьа илъэсым библиотекэм нэгъуэщI Iуэху гъэщIэгъуэн куэди къызэригъэпэщыну и мурадщ.

Тхыгъэри сурэтхэри
БАГЪЭТЫР Луизэ *ейщ.*

Зы цIыхуми куэд хузэфIокI

● Дызэкъуэту

Налшык къалэ дэт «Кругозор» кино гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ утыку къыщрахьащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ятеухуа «Война за соседним столиком» документальнэ фильмыр.

КИНО гъэлъэгъуапIэм сезыгъэблэгъар КъБКъУ-м СтоматологиемкIэ и институтым и етхуанэ курсым щеджэ, зи гугъу тщIы фильмым щIалэгъуалэр егъэплъыныр зи жэрдэм Ерыстау Имирланщ. Ар блэкIа илъэсым и гъатхэпэ лъандэрэ КъБР-м и Парламентым деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм узыншагъэр хъумэнымкIэ, щIыуэпсымрэ туризмэмкIэ и комиссэм и унафэщIщ. КъинэмыщIауэ, Ерыстаур хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэташхьэм щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ дэлажьэ гупми, Налшык къалэ округым и администрацэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советми.

Документальнэ фильмыр тезыхар КъБР-м и Парламентым и депутат, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэт, дзэ Iуэху хэхар къызэрежьэрэ зэуапIэ губгъуэм итхэр зыхуэныкъуэхэр яIэрыхьэнымкIэ лэжьыгъэ къызэзыгъэпэщ Байсиев Темыржанщ.

Пэшым щIэзу щызэхуэсат Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ.

- Дзэ Iуэху хэхам хэт ди къуэшхэм ятеухуа документальнэ фильмыр университетым къыздыщIэсхэми фэзэгъэлъагъумэ си гуапэу икIи сфIэигъуэу фызэхуэсшэсащ. Ар зыгъэхьэзыра щIалэри нобэ къытхыхьащи, псом япэу фIыщIэ пхузощI, Темыржан, ди зэIущIэм укъызэрытхуеблэгъам папщIэ. Фильмым сыщеплъам, зытеухуар апхуэдизу си гум дыхьати, мурад сщIащ къыздеджэхэри абы щызгъэгъуэзэну. Псоми фIыщIэ ин фхузощI си жэрдэмыр къыздэфIыгъыу, деплъынщ жыфIэу, фыкъызэрызэхуэсам папщIэ, - жиIащ Ерыстаум.

Байсиевым зэхигъэува фильмым ущеплъкIэ, сытым уи гупсысэр хуэжэрэ жыпIэмэ, ар Хэкур зыхъумэжыну дэкIа щIалэ ахъырзэманхэр зауэ IэнатIэм гъунэгъу зэрызэхуищIырщ, зы щIакхъуэ Iыхьэр зэрызэдагуэшырщ, зыр адрейм хуэсакъыу, и гъусэр, лей къытехьамэ, губгъуэм къызэрыримынэным яужь зэритырщ, текIуэныгъэр къахьу я унэм узыншэу къекIуэлIэжыным зэрыхуэпабгъэрщ, я адэшхуэхэм зэрахьа лIыгъэр езыхэми я лъым зэрыхэтырщ, Хэкур хъумэн зэрыхуейр псоми къазэрыгурыIуэрщ.

Фильмым еплъахэр ар къазэрыщыхъуам тепсэлъыхьащ иужькIэ. Езы Темыржан абы теухуауэ жиIар мыращ:

- Дзэ Iуэху хэхам хэт ди къуэшхэм зыхуэныкъуэ шхыныгъуэ, хьэпшып яхуэсшэурэ, щIэх-щIэхыу сыкIуэрт. ЯпэщIыкIэ я Iуэху зыIутыр, зыхуейзыхуэфIхэр зэзгъащIэрти, яхузэхуэсхьэсар етIуанэ тегъэзэгъуэм яхуэсшэрт. Зэгуэр сигу къэкIащ сызыIущIэхэм видео теплъэгъуэхэр ятесхыну. СыкIуэху къэс мащIэ-мащIэурэ тесхар зэхэзгъэувэжри, зэрыфлъагъум хуэдэуи, документальнэ фильм теплъэ иIэ хъуащ. Зэхахамрэ ялъагъуамрэ щIалэгъуалэм щапхъэ яхуэхъумэ, дерс къыхахмэ си гуапэщ.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэр ди лъахэм къыщытеуам, Хэкур зыхъумэжыну тэджа ди нэхъыжьыфIхэм я щIэблэ жыжьэщ мы зэманым дзэ Iуэху хэхам хэт ди щIалэхэр. ПсэзэпылъхьэпIэ ит щIалэхэр зыщIэхъуэпсыр текIуэныгъэр къахьу, къызэранэкIа я лъапсэм узыншэу къекIуэлIэжынырщ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Бжьахъуэ

• Хъыбар

КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, адыгэбзэм и купщIэр щIэджыкIакIуэм и деж екIуу нэзыхьэса Къэрмокъуэ Хьэмид сабийхэм куэд яхуитхащ. ЦIыкIухэм щIыуэпсымрэ псэущхьэхэмрэ фIыуэ егъэлъагъуным, фIымрэ Iеймрэ зэхагъэкIыфу егъэсэным, дунейм и дахагъэм гу лъегъэтэным, хьэл-щэным я нэхъыфIхэр зыхалъхьэным хуэущииным тегъэпсыхьауэ тхащ ар. Ахэр еджэгъуафIэщ, тыншу цIыкIухэм я гум ираубыдэ. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ мыри.

ГЪУЭТ Синэ.

Лъэпщокъуэ екIэ еджэу бжьахъуэ гуэр псэурт. Абы щIиху фом нэхъ IэфI щыIэтэкъым. Бжьэхэм я бзэр зэхищIыкIырт Лъэпщокъуэ, арат и фори нэхъ щIэIэфIыр.

Зэгуэрым, бжьэхэм здахэтым, Лъэпщокъуэ бжьэ цIыкIухэм ящыщ зым мыр жиIэу зэхех:

- Жыжьэ Iуэ дольатэ, армыхъумэ, нэхъыбэ къэтхыфынут.

Бжьэхэм я ужь иувэри пщIантIэм дэкIащ Лъэпщокъуэ. Шэджагъуэ хъуауэ мэз лъапэм нэсащ. Арат бжьэхэр щыхъуакIуэр. Лъэпщокъуэ бжьэ матэхэр мэз лъапэм ишащ, бжьаIуэр бжыхь лъагэкIэ къиихухыжащ. ХъупIэр я гъунэгъу дыдэ хъуащи, бжьэ цIыкIухэр етIысэхыркъым. БжьаIуэмрэ хъупIэмрэ я зэхуаку ит зэпытщ. Бжьэ матэхэм фор ядэз хъуащ.

Лъэпщокъуэ аргуэру якIэщIодэIухь бжьэ цIыкIухэм.

- Мы ди бжьахъуэм бжыхьыр лъагэIуэ ищIащ армыхъумэ, нэхъыбэ къэтхыфынут, - жаIэрт бжьэ цIыкIухэм. Ар щызэхихым, Лъэпщокъуэ бжыхьыр нэхъ лъахъшэ ищIыжащ. Абы и ужькIэ Лъэпщокъуэ и бжьэ цIыкIухэр нэхъри лэжьэрей хъуащ.

Пушкиным и сабиигъуэр

Мазаем и 10-р урыс тхакIуэшхуэ, усакIуэшхуэ Пушкин Александр и фэеплъ махуэщ. ЦIыкIухэ, абы и цIэр псоми зэхэфхащ, и шыпсэ гъэщIэгъуэныщэхэм фэри фыкъоджэ, фи нэхъыжьхэри къыфхуоджэ. Уеблэмэ, сабийхэм папщIэ итха усыгъэ тхыгъэхэм яхэту къыщIэкIынущ гукIэ фщIэ сатырхэр. АтIэ, дапхуэдэу екIуэкIауэ пIэрэт Пушкиным и сабиигъуэр? Сытым дихьэхыу щытауэ пIэрэ ар фи ныбжьым щитам? ГъэщIэгъуэн фщыхъуну си гугъэщ тхакIуэшхуэм и сабиигъуэм теухуауэ щIэщыгъуэ къэфщIэнIауэ...

Пушкин Александр Москва 1799 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м къыщалъхуащ. И сабиигъуэр зыкъомкIэ щIэщыгъуэ щищIащ и дэгызэ (няня) Аринэ Родионовнэ. ПщыхьэщхьэкIэрэ таурыхъхэмрэ шыпсэхэмрэ щIигъэдэIуэрт, уэрэдхэр жриIэрт, къуажэхьхэр къригъащIэрт. Сабиигъуэр щыгъэфIа пщыхьэщхьэхэр Пушкиным игъащIэкIэ и гум къинащ. И дэгызэм къыжриIэу щыта хъыбархэр иужьым Пушкиным езым итха хъыбархэм, шыпсэхэм лъабжьэ яхуищIащ. Абыхэм ящыщщ цIыкIухэм псоми фцIыху «У лукоморья дуб зелёный» усэр, «Руслан и Людмила» поэмэм ухэзышэр.

Пушкин Александр и япэ усэр франджыбзэкIэ итхащ илъэси 8-м иту. Сытыт абы и щхьэусыгъуэр жыфIэмэ, а зэманым Урысейм щытепщэт франджыбзэр, зи тетыгъуэхэм къалъытэрт щIэныгъэшхуэ зэраIэм и щыхьэту абыкIэ псэлъэн хуейуэ. Аращ щIалэ цIыкIум франджыбзэмкIэ унэм егъэджакIуэ щыщиIам и щхьэусыгъуэри. Ауэ Пушкиным тхэн щIидзэри, псори нэгъуэщI нэкIэ ириплъыжащ урысыбзэм.

«Роза» - арат и фIэщыгъэр Пушкиным цIыхухэм къыдащIэу япэу и Iэдакъэм къыщIэкIа тхыгъэм. Лицейм щыщIэсым, зы дерс гуэрым егъэджакIуэм къажриIат розэм и щIыкIэр, и теплъэр дахэу къаIуэтэну. Пушкиным лэжьыгъэр усэбзэкIэ игъэзэщIат. Ар егъэджакIуэм игу ирихьауэ щытащ, классым щIэс и ныбжьэгъу цIыкIухэм къахуригъэджат.

Лицейм щыщIэсым Пушкиным фIыуэ илъагъуртэкъым математикэр. Ауэ фIы дыдэу къехъулIэрт литературэмрэ франджыбзэмрэ. Унэ лэжьыгъэ ищIыжыртэкъым, ауэ егъэлеяуэ гурыхуэти, дерсым егъэджакIуэм къащыжриIэр асыхьэту и гум ириубыдэфырт.

И сабиигъуэм Пушкиным нэхъыфI дыдэу илъагъу Iуэхугъуэр тхылъ еджэнырт. И адэр щылажьэ пэшым урысыбзэкIэ, франджыбзэкIэ тхауэ щIэлъ тхылъхэр къыщIихырт, еджэрти, игъэтIылъыжырт. Нэхъыбэ дыдэрэ зэманыр щигъакIуэр унэ библиотекэрт.

И адэ къуэш Пушкин Василий япэу гу лъитащ щIалэ цIыкIум тхэным гу зэрыхуищIам. Езыр тхакIуэти, чэнджэщ щхьэпэхэр иритырт, сабийр тхэным тригъэгушхуэрт.

НАФIЭДЗ Данэ.

«Гупсыси умыпсалъэ»

Адыгэбзэ къабзэм и шабзэшэр къыщишэщIкIэ, блэукIынкIэ Iэмал иIэкъым. Псом хуэмыдэу, уи гум къиишхыдыкI гукъеуэхэмрэ гу лъумытэну Iэмал зыхуумыгъуэтыж, цIыхуу дунейм утетыным и IэфIри и пэжри зылъахъэ махуэкъэс къалэн мыщхьэпэхэмрэ гъащIэм и пIалъэ кIэщIыр къаIэщIэпхыну ущыхуежьэкIэ. Арагъэнщ мызыгъуэгу къалэмыр езышэжьа ди гурыщIэхэр усэу тха комедиеу щIызэхэувар.

ХАБЗЭ зэрытхуэхъуауэ, япэ фIыщIэ псалъэр худогъазэ ди мурадыр зэдгъэхъулIэну Iэмал къыдэзыта, тхылъыр къыщыдэкIа «Печатный двор» тедзапIэм и Iуэхузехьэ нэхъыщхьэ Идрис Яссер. Сурэтым щыфлъагъу тхылъым и жинтыр тхыгъэр зытеухуам хуэкIуэпсрэ «мыбы итыр сыту пIэрэ» жыуигъэIэу, теплъэ щIэщыгъуэ ярет Яссер зыдэлажьэхэм я IэдакъэщIэкIхэм. Апхуэдэ дыдэу дыхуэарэзыщ тхыгъэм и жыпхъэр зэзыгъэзэхуа, езыр зэрымыадыгэм щхьэкIэ къэмынэу, ар щыуагъэншэу тхылъеджэм и пащхьэм нэзыхьэса Шевцовэ Ирини.

Сыт зытеухуар «Гупсыси умыпсалъэр?» Комедиер зэрызэхэт теплъэгъуэхэр ипэжыпIэкIэ дунейм темыт Щхъуэмч къалэ щокIуэкI. НэхъыфIым щымыгугъыу еса къалэдэсхэр я гур зымыгъэзагъэ лъэпощхьэпохэм япикIуэт фIэкIа, зыри яхъуэжыну тегушхуэркъым, я щхьэ пщIэ щIыхуащIыжри Iэмал зыхуамыгъуэтым фIэлIыкIыныр хьэл зэрахуэхъуарщ. Арауэ къафIощI гъэсэныгъэ хъужыр. Ауэ эфир занщIэм ираджа журналистхэм хуагъэхьэзыра упщIэхэр зэрымыщIэкIэ жьым ирихьэжьа нэужь, къалэтетымрэ къалэдэсхэмрэ дэлэлыншэу зэпсэлъэну Iэмал ягъуэтри, цIыхухэм я гукъеуэр къулыкъущIэм хуаIуатэ. Зи улахуэм кIэрач егъэджакIуэми, нысашэ уасэр зыхуримыкъу ныбжьыщIэхэми, зи бынхэр хамэ къэралхэм зыфIэкIуэ нэхъыжьхэми, зи щхьэгъусэр зэзымыгъэдэIуэф, зи щIэблэр анэдэлъхубзэм тезымышэф лIы щабэжьми, уеблэмэ пресс-релизхэр зэридзэкIын зыужэгъуа корреспондентми я гукъеуэхэр къулыкъущIэм зэхимыхыпIэ иIэжкъым. ЩытыкIэр зыхъуэжыр псори зэхъуапсэ, ауэ щыхъукIэ, и Хэкур зэзымыпэсыж насыпымкIэ министрым и пхъум Америкэм щIэпхъуэжыну мурад ищIа нэужьщ. Ар къигъэувыIэн папщIэ, адэ гумащIэм зэхилъхьа «спектаклым» теплъэгъуэм хэтхэм закърегъэщIэжри, псори тхъэрэ псэууэ къызэхонэж.

Комедием уигу зыщыкIыпхъэ цIыху хьэл къыщыгъэлъэгъуакъым. Псори зыгуэркIэ дызэрызэщхьыр, щхьэхуэ-щхьэхуэу зыри дызэрымыпсэур, зым Iэпэдэгъэлэлу ищIэр адрейм и щхьэм зэрытехуэр, ауэ ипэжыпIэкIэ псоми я гум фIы зэрилъыр къыщыдгъэлъэгъуэну дыхэтащ мы пьесэм.

Тхылъыр къыщывгъуэтынущ «Центр Книга» тхылъ тыкуэным.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Амырхъанрэ Алинэрэ аргуэру дагъэгуфIэ

Джэданэхэ Амырхъанрэ Алинэрэ дагъэгуфIэ зэпытщ. Тхьэмахуэ кIуам Европэм дзюдомкIэ и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ Италием и къалащхьэ Рим щекIуэкIа зэхьэзэхуэм дыщэ, дыжьын медалхэр къыщызыхьа ныбжьыщIэхэм а ехъулIэныгъэ дыдэхэр Словакием и Шаморин къалэми щызыIэрагъэхьащ.

КИЛОГРАММ 50 зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ Амырхъан финалым къыщыпэщIэтащ куржы щIалэ Назодзе Сабэ икIи и IэзагъкIэ и хьэрхуэрэгъым фIыуэ ефIэкIыу: «вазари», «юко», «иппон» дамыгъэхэр зэкIэлъхьэужьу къиихьри, зэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм нимыгъэсу, текIуащ. Ди щIалэ ныбжьыщIэм и Iэзагъым къыпигъэувын гуэри куржы бэнакIуэм къыхуэгъэлъэгъуакъым а пщыхьэщхьэм.

Алинэ щыбанэр килограмм 48-рэ зи хьэлъагъхэм я дежщ. Финалым нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэм къыпэщIэтахэр, зэрыжаIэу, тригъэкIуэтурэ екIуэкIащ, къару куэд ятримыгъэкIуадэу. АдэкIэ, кIэух зэпеуэм, абы къыщыпэщIэтащ Польшэм и бэнакIуэ ныбжьыщIэ. Зэхьэзэхуэр гуащIэу, зыр адрейм къыпикIуэту екIуэкIащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, мыбдежым, ди хьэрхуэрэгъум и кIэныр къикIащ, ди хъыджэбзыр дыжьын медалым деж къыщыувыIащ.

ГъэщIэгъуэнращи, нэгъабэ Алыджым и Салоники къалэм щекIуэкIауэ щыта Европэм и Кубокми Амырхъан япэ, Алинэ етIуанэ щыхъуахэт. Иджы, мыр ещанэщ.

Зэдэлъхузэшыпхъум зыщагъасэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Локомотив» клубырщ, Джэданэхэ Залымрэ Алимрэ зэкъуэшитIым я бынхэщ

КЪУЭЖЕЙ Iэмин.

Хъуэжэ пхъэ къишэу

Хъуэжэ пхъэ гулъэшхуэ къишэу мэзым къикIыжырт. Къуажэм къыхыхьэжауэ, и ныбжьэгъу гуэр къыIущIащ. ФIэхъус зэрахащ.

- Дэнэ ущыIа, Хъуэжэ? - къеупщIащ къыхуэзар.

- Мывашэ.

- Дауэ мывашэнт, къапшэр пхъэщ, -жи.

- Сыт атIэ ущIыщIэупщIэр, плъагъурэ пэт? – пидзыжащ Хъуэжэ.

Зэдэлъхузэшыпхъу

Соблырхэ Садиярэ Залымрэ щхьэлыкъуэдэсщ. Зэдэлъхузэшыпхъур ехъулIэныгъэ яIэу йоджэ, инджылызыбзэр елIалIэу зэрагъащIэ, спортым дехьэх, дахэу къофэ. Адыгэ къафэмкIэ, спортымкIэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм макIуэ щIэх-щIэхыурэ. Я ехъулIэныгъэхэм папщIэ щIыхь тхылъхэр кърат. Садиярэ Залымрэ Гугъуэтыж Аскэр зи унафэщI «Шэрдан» къэфакIуэ гупым хэтщ, Налшык и курыт еджапIэ №7-м Садия 7-нэ классым, Залым - 5-нэм щIэсхэщ.

Садия сурэт ищIыну фIэфIщ, зэман зэриIэу - краскэмрэ къэрэндащымрэ и Iэдэжщ. ЩIыуэпсым пэгъунэгъу зыщIыр бгыхэрщ - бгым нэгузегъэужь кIуэным пищI щыIэкъым. Хъыджэбз цIыкIур сурэтыщI хъуну хуейщ.

Залым спортым дехьэх. БэнэкIэ хуитымкIэ Шокъум Ахьмэд и гъэсэнщ. Спортсмен лъэщ хъуну и хъуэпсапIэщ.

ГЪУЭТ Синэ.

Адыгэбзэр си анэбзэщ

Адыгэбзэр си анэбзэщ,
Сэ адыгэу сыкъалъхуащ,
Сэ ди дадэ ещхьыркъабзэу,
Сытри сщIэуэ зезгъэсащ.

Дадэ йоджэ
«Iуащхьэмахуэ»-м,
«Нур» журналыр
сэ къэсщтащ,
Диван щабэм дадэ ещхьу,
Сэри зизгъэукIуриящ.

Сэ сыкъоджэ икIи сотхэ,
Бжыгъэхэр зэхызолъхьэф,
Дадэ жиIэ таурыхъхэр
Ди дзадзум жызоIэжыф.

Нанэ гуфIэу Iэ къыздельэ,
КъиIущэщу псалъэ IэфI:
«Адыгэбзэм урипсалъэм,
ЛIы ухъункъэ, уэт щIалэфI!»

ШЭРIУЖЬ Аслъэн.

Псалъэзэблэдз

1. къ	э						
2. къ	э						
3. къ	э						
4. къ	э						
5. къ	э						
6. къ	э						
7. къ	э						
8. къ	э						
9. къ	э						





1.Зи къуэпсхэр щIы щхьэфэм щызэбгрыж къэкIыгъэхэм ящыщу бгъавэу, бгъажьэу пшы хъу хадэхэкI. **2**. Чэтэным къыхэщIыкIа гъущалъэ. **3**. Адыгэ цейм и щIагъым щIалъхьэ щыгъын щIыIутелъ, щыIунэ-щIыIущхьэ иту. **4**. ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэша удз лъэпкъыгъуэ **5**. Гъатхэм пасэу къэгъагъэ удз лIэужьыгъуэ. **6**. Къэфэныр зи IэщIагъэ. **7**. ХадэхэкI , и тхьэмпэхэм зэгулIауэ зашыхьыурэ щхьэ къащIу. **8**. Мэ гуакIуэ къыпихыу гъатхэм мэз щIагъхэм къыщыкI удз. **9**. Зэрытхэ, сурэт зэращI Iэмэпсымэ.

Жэуапхэр:

1.Къэб. 2. Къэп. 3. Къэптал. 4. Къэсмыж. 5. Къэрабэ. 6. КъэфакIуэ. 7. Къэбыстэ. 8. Къэлэрдэгу. 9. Къэрэндаш.

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ.**

ДяпэкIэщ псори щызэхэкIынур

• Футбол

Дызыпэмыплъа бжыгъэ кърикIуакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэм щызэхэта и зи чэзу джэгугъуэм. Медалхэм щIэхъуэпсхэм ерыщу зыхуагъэхьэзыр хуэдэщ кIэух зэIущIэхэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ бжыпэр щызыIыгъ Псынэдахэ «Родник»-м зи чэзу текIуэныгъэр хуатхащ, джэгупIэ губгъуэм къимыхьэхэу. Абы и хьэрхуэрэгъуу а махуэм щытын хуея «Джэрмэншыкыр» зэпеуэм пасэу зэрыхэкIыжаращ щхьэусыгъуэр.

Очкоищыр зыIэригъэхьэн папщIэ хуабжьу гугъу зригъэхьащ мы зэхьэзэхуэр екIуу езыгъэкIуэкI «Зэрэгъыжым». Абы и гъуащхьауэ Алборэ Астемыр 59-нэ дакъикъэм Бабугент къикIахэм яхудигъэкIа топ закъуэм текIуэныгъэр къахуихьащ.

Алътуд и «Искра»-р тынш дыдэу ефIэкIащ «7 Вершин-Шалушка» командэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ чемпионхэр щIымахуэ зэпеуэми иджыри щытекIуэфынущ.

Зэхьэзэхуэм и гъуащхьауэ нэхъыфI Мэрем Андемыр и бжьыпэр игъэбыдащ. «Ислъэмейм» и хьэрхуэрэгъуу щыта «Сады Баксана»-м абы топиплI зэуэ худигъэкIащ икIи къызэрыхэжаныкIа псоми я бжыгъэр 19-м нигъэсащ.

2025 - 2026 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: **«Сады Баксана»** (Ислъэмей) – **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) – **2:5**, **«ГорИс»** (Налшык) - **«Малка»** (Малкэ) **– 2:3**, **«Мурбек ФШ»** (Налшык) – **«Спартак-Налшык»**, (Налшык) - **1:1**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Джэрмэншык»** (Джэрмэншык) - **3:0** *(зэрымыкIуам къыхэкIыу)*, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) – **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) – **1:5**, **«Урыху»** (Урыху) - **«Нартан»** (Нартан) - **13:1**, **«Логоваз»** (Бабугент) – **«Зэрэгъыж»** (Зэрэгъыж) – **0:1**, **«Искра»** (Алътуд) - **«7 Вершин-Шалушка»** (Щхьэликъуэ) – **6:1**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр щыIэнущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: мазаем и 21-м - **«Сады Баксана»** - **«Спартак-Налшык»**, **«Ислъэмей»** - **«Родник»**, **«Малка»** - **«Искра»**, **«Псыгуэнсу»** - **«Джэрмэншык»**; **мазаем и 22-м** - **«Зэрэгъыж»** - **«7 Вершин-Шалушка»**, **«Шагъдий»** - **«ГорИс»**, **«Логоваз»** - **«Урыху»**, **«Нартан»** - **«Мурбек»** командэхэр.

Абыхэм япэжкIэ, епщыкIутIанэ джэгугъуэм щыщу ягъэIэпхъуауэ щыта «Шагъдий» (Зеикъуэ) - «Родник» (Псынэдахэ), «Зэрэгъыж» (Зэрэгъыж) – «Искра» (Алътуд) зэIущIэхэр нобэ екIуэкIыжынущ. Ахэращ зыкъомкIэ зэлъытауэ щытынур зэхьэзэхуэм кърикIуэнур.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэр 2025-2026 гъэхэм зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**12**	**11**	**1**	**0**	**44-6**	**34**
2. «Зэрэгъыж»	**12**	**11**	**1**	**0**	**36-8**	**34**
3. «Искра»	**12**	10	1	1	38-4	31
4. «Ислъэмей»	13	10	0	3	43-18	30
5. «Спартак-Налшык»	13	9	1	3	35-11	28
6. «Урыху»	13	7	3	3	36-16	24
7. «Псыгуэнсу»	13	5	3	5	26-27	18
8. «Малка»	13	5	2	6	23-34	17
9. «Мурбек ФШ»	13	5	1	7	25-22	16
10. «Шагъдий»	12	5	0	7	23-34	15
11. «Логоваз»	13	4	2	7	16-23	14
12. «ГорИс»	13	4	1	8	25-38	13
13. «7 Вершин Шалушка»	13	4	0	9	20-50	12
14. «Сады Баксана»	13	2	0	11	13-40	6
15. «Нартан»	**13**	**2**	**0**	**11**	**16-59**	**6**
16. «Джэрмэншык»	**13**	**0**	**0**	**13**	**0-39**	**0**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр № 296
12+

Теддээ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.